Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 19 (7523)
28 апрель
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ГIуцIиялъул комитеталъул данделъи



25 апрелалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана гIуцIиялъул комитеталъул данделъи. Гьениб аслияб суал букIана Бергьенлъиялъул Къо 9 Маялда хурхараб тадбир тIобитIи. Гьеб байрамалъул кIудияб кIвар буго гьадинаб халкъазда гьоркьосеб хIал хIалуцараб заманалда.

Данделъиялда байрам тIобитIиялъул рахъалъ докладгун кIалъана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев. Гьес бихьизабуна Бергьенлъиялъул байрам тIобитIизе бугин хасаб сценариялда рекъон ва рагIа-ракьанде щвараб хIадурлъигун.

Суал гьоркьоб лъолаго районалъул бетIерас тIадкъаял кьуна кIвар буссинабизе кколел рахъалги рихьизарун. Бихьизабуна гьеб праздникалда киналго администрациялъул, учреждени ял-организациязул хIалтIухъабаз, лъималаз гIахьаллъи гьабизе кколин. ГI. НурмухIамадовас бихьизабухъе «РухIиябгун ВатIан бокьиялъул рухIалда гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе лъай босиялъулго гIадаб кIвар буго. Лъимал руго нилъер гIумро хадуб бачине бугеб гIел, гьезие кьолеб тарбия нилъер аслияб масъала буго. Рагъулабгун захIматалъулаб тарихалъ лъималазулъ куцала мустахIикъаб мисал, роцIараб зоб нилъеда т1ад букIиналъе гьелъул цIикIкIараб кIварги буго»,-ян.

## Аппараталъул данделъи



25 апрелалда букIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер, администрациялъул отделазул начальникал ва специалистал.

Данделъиялда аслияб суаллъун букIана муниципалитета лъул социалиябгун экономикияб ахIвал-хIал. Гьенир рукIана националиял проектал хIалтIизарулел ругеб куцалъул, регионалиял программабазда бугеб хIалалъул, ярмарка тIобитIиялъул ва гь. ц.

Данделъиялъул хIасилазда рекъон иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаял.

# РакI-ракIалъул баркала




«Рихьуни СОШ» МКОУ ялъул коллективалъ гъваридаб асаралдалъун кIудияб баркала загьир гьабулеб буго РДялъул «Единая Россия» фракциялдасан Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вищарав МухIамад МухIамадовасе ва районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовасе ракI-ракIалъулаб балагьиялъухъ, кумекалъе ратизе хIадурал рукIиналъухъ, ишалдехун бугеб ракI унтараб балагьиялъухъ!

МухIамад МухIамадов ккола Унсоколо районалъул киналго рахъалъ гIа-дамазул мурадал хIара-каталда тIуразарулев депутат, гьев живго гIахьаллъула культураялъул, лъай кьеялъул, социалиял кIвар бугеб тадбиразда цере лъолел суалазулъ. МухIамад ГIадбулмажидовичас иргадулаб нухалдаги кIвар буссинабуна район цебетIезабиялде, нижер школалъе сайгъат гьабуна интерактивияб доска ва проектор. Гьелдалъун кумек гьабуна нижер лъай кьеялъул процессалъул качество лъикIлъиялъе. Къиматал сайгъатал кьуна жидерго ишазулъ церетIеял ругел цIалдохъбазе ва учительзабазе.

Бокьун буго, Дуе, МухIамад ГIабдул-мажидович дур гьабулеб ишалъе камиллъи, битIккей, Дагъистаналъул халкъалъе гьарулел ишазулъ хIасил бугел бергьенлъаби щвей гьаризе!

Налогал

# «Транспорталъул налогаздалъун къачIала районалъул нухал»



Унсоколо районалда цIидасанги гьоркьоб лъуна транспорталъул ва цогидалги видазул налогал ракIариялъул планал тIуразариялъул суал. Данделъиялда аслияб кIвар буссинабун букIана транспорталъул налог бакIариялъул налъи лъугIизабиялдеги.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна транспорталъул налог бакIариялъул хIалтIулаб группаялъ. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Россиялъул РДялда бугеб № I0 ФСНалъул МРИялъул начальникасул зам. Р. ГIусмановасул информациялда рекъон гьаб соналъул I январалде 52 млн. гъурущ налъи букIана транспорталъул налогазул. I апрелалде гьелъул къадар гIодобе ккана 627 азарго гъурущалъ. Кин бугониги налъул къадар жеги кIудияб буго.

«Дие нужер щивасда гьикъизе бокьун буго; щиб нилъеца гьабулеб бугеб гьеб налъи гIодобе ккезабиялъе? Кида гьаб суалалда хурхун гьабулеб хIалтIул хIасил ккезе бугеб?,-абун суалал цере лъуна ГI. НурмухIамадовас.

Р. ГIусмановасул рагIабазда рекъон кинабго рахъалъ комплексалъулаб хIалтIи гьабулеб буго транспорталъул налогазул налъи гIодобе бачIинабиялъе. Налъулазухъе ритIулел руго судалъулал приказал, гьарулел руго хIукмаби, делаби ритIулел руго судалъулал приставазухъе. Гьединго ГИБДДялъул хъулухъалъ рейдал гьарулел руго налъулазул.

Районалъул ССП судалъул пристав М-С. ХIамзатовас бицана 20II соналда транспорталъул налог бахъиялъе гьабураб 2700 хIалтIи букIанин. «Нижер гьеб ишалъул хIалтIухъаби дагьал руго, хIалтIул къадар гIемераб буго, гьелъ хIасилал рекIее бокьухъе кьолел гьечIо». –Амма хIалтIи унеб буго цо минуталъ чIечIого. Аслиял захIмалъаби дандчIвалел руго прописка бугел бакIазда нижехъе кьурал гIадамал ратулел гьечIолъиялъ. Гьез гIемерисез гIумро гьабулеб буго район бахун къватIибехун, гьелъ захIмалъизабулеб буго налог бакIариги.

**(Ахир 2 гъумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 19 (7523)
Хамиз
28 апрель 2022 сон



## Лъималазе - хинаб квен

Кинабго рахъалъ хьезариялъул регионалияб Оперштабалда РДялъул БетIер С. Меликовас тIадчIей гьабуна I-4 классазул цIалдохъабазе бухIараб квен букIинабиялъул суалалда.

2022 соналъе хинаб квен лъималазе чIезабиялъе биччан буго 2 млрд. гъурущ. Гьеб хIалтIизабулеб бугеб куцалъул анализ гьабизе БетIерас тIадкъана РДялъул Минсельхозпродукт ва Минпромторг организациязда. Штабалъул данделъиялда гьес бихьизабуна гьеб ишалъе нилъерго продукция букIине кколин.

Хирияб моцI

# РухIияб Централда - «Цолъиялъул ифтар»



Унсоколо районалъ ГIиса аварагасул (гI. с.) мажгиталда тIобитIана ракIа-ракьанде щун кIудияб ифтар. Гьенире ракIарун рукIана 500 ялдаса цIикIкIун чи.

Ифтаралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, администрациялъул




вакилзаби, районалъул имам, муниципалитеталдаса республикаялъул бакIазда хIалтIулел гIадамал. Киналго ифтаралда гIахьаллъараз сордо тIобитIана хинаб лъикIлъиялъул ва гьудуллъиялъул ахIвал-хIалалда. ХIадурун букIана гIемераб квен, сахаватал сайгъатал. БукIана динияб пикру цебетIеялъе гIуцIараб программа, ахIана нашидал.

Данде ракIарараздаса гьоркьоб хIана призалъе гIоло лотореял. Гьениб лъабгоясе бергьана гьитIинаб хIеж – ГIумраялде ине путевкаби, телефонал ва цогидалги.

Ахиралда Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна гьеб тIадегIанаб тадбиралда гIахьаллъаразе ва бихьизабуна РухIияб Централъ гIадамал цолъизарулел ругилан. «Гьаб лъугьана кутакалда лъикIаб ишлъун ва дун божарав вуго гьадинаб ифтар цогидал районазги гьанибго гIуцIилин. Дун цIакъ вохарав вуго гьадинаб пайдаяб бакIалда нужеда дандчIвазе щвеялдаса. Гьаб буго кутакалда пайдаяб дандчIвай ва лъикI хIадурлъун руго нилъер гIадамал гьаб хирияб ва пайдаяб ишалъе,-ян бихьизабуна бетIерас.

Баркалаялъул каламгун кIалъана районалъул имам ва цогидалги тадбиралъулъ гIахьаллъарал.

Ифтар халат бахъана боголил какил заман щвезегIан; гьеб бана киназго цадахъ, гьелда хадуб бана таравихIалъул какги.

Гьеб гуребги Унсоколо районалъул жамагIаталъ бакIарун гIарац кьуна ГIиса аварагасул (гI. с.) РухIияб Центар балеб бакIалъе.

# «Транспорталъул налогаздалъун къачIала районалъул нухал»

Данделъаразда бичIчIана хIалтIи киналго рахъал хIисабалде росун, комплекснияб куцалда гIуцIизе кколеб букIин. Гьелъие киналго данде кколел хъулухъал, структураби рахъинаризе кколел рукIинги.

-ГIадамазда бичIчIизе ккола гьаб кинабго бакIарараб гIарац гьезул хIажалъабазе унеблъи. Гьеб уна росабалъе нухал рахъиялъе ва къачIаялъе. Гьеб лъикIаб ишалъе кIудияб кумекги ккола,-ян бихьизабуна бетIерас. –Араб соналъ Унсоколо росулъ къачIана кIиго нух гIицIго гьеб транспорталъул бакIарараб гIарцуца. Гьеб жо кIудияб кумек гьечIищ росабазул гIадамазе. Щай налъулазда бихьулареб жидехъаго араб гIарац жидеего лъикIлъиялъе хIалтIизабулеб букIин».

Гьединго данделъиялда бицана цогидалги суалазул захIмалъабазулги. ХIисабалде босана налъулазул списоказда рекъон гъваридаб анализ гьабизе, гьел росабалъе рикьун, рейдал гIуцIизе, адресалъулал халгьариял гьаризе, гьоркьоре рачине росабазул бутIрул, налъулазулгун росабазул мажгитал гьоркьор ккун хIалтIи гьабизе.

Патриотикияб тарбия

# Щивав призывник-хъаравуллъиялда гъоркь

Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана рагъулабгун призывалъулаб комиссиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIер ГI. НурмухIамадов, замал М. ХIамзатов, Хъ-М. ГIабдулхаликъов, районалъул рагъулав комиссар Муслим Гъапуров, гьединго муниципалитеталъул росабазул бутIрул.

Данделъи рагъулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна нилъер районалда кидаго рукIанин цIар рагIарал бахIарчиял ва къо хIехьолел гIадамал. -Гьез кидаго бахIарчилъиялда цIунана рукъалъул, районалъул, республикаялъул ва улкаялъул къадру-къимат, хIинкъи гьечIолъи. «Вас гьавидал Дагъистаналда абулаан рагъухъан гьавунилан. Гьелъул магIна ккола бихьинчи кидаго рагъухъанлъун вукIине кколин, гьесда жиндирго ракьалъул ва пачалихъалъул гIорхъаби цIунун бажаризе кколин»,-ян бихьизабуна гьес. Гьедин кидаго рагъулал ишазул цебесеб кьерда букIана нилъер район. ВатIаналъе гIоло рухI бичана нилъер гIемерисел бахIарчиял васаз.

Гьединго бетIерас росабазул бутIрузул пикру буссинабуна щибаб хъизаналда бичIчIизабейин щивав хехал хъулухъаз армиялде ахIулел призывникал районалъул бетIера сул ва гьесул зам. М. ХIамзатовасул хасаб хъаравуллъиялда рукIине ругин. «Нижеца чIезабун буго хасаб телефоналъул номергун, горячая линия нилъер васазул кинаб букIаниги ихтияр хвезабулеб хIужа ккани ахIизе. Нижеца кинабго гьабизе буго гьезул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе, щивас гIодоре риччарал ракIалгун нухда регIизе васал ВатIан цIунизе.

Нилъер васал руго унго-унгоял патриотал. Жакъа гьезда кидагоялдаса лъикI бичIчIула армиялда хъулухъ гьабиялъул ва ВатIан цIуниялъул бугеб кIвар. Армиялде иналъулъ биччараб бокьараб гIунгутIи ккола бихьинчилъи гьечIолъи. Гьединазул къадру-къиматги букIине гьечIо,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовасги.



Рагъулаб комиссиялда бугеб хIадурлъиялъул ва ихдалил призывалъул хIакъалъулъ бицана данделъиялда рагъулав комиссар М. Гъапуровас. Гьес бихьизабуна дунялалда ва улкаялда бугеб захIматаб хIалалъухъ балагьун, гьединго халкъияб информациялъул алатазгун соцсетаз данде хIалтIи гьабиялъ гIемерисел эбел-инсуда битIун бичIчIулеб гьечIин армиялде хъулахъ гьабизе васал ритIиялъул иш, гьез мекъаблъун бихьизабулеб бугин бачIинахъего гIолилал рагъулаб операциялде ритIулел ругин абураб информация. «ХIакъикъаталда гьеб гьедин гьечIо. Щивниги бачIинахъего рагъулаб операциялде ритIизе гьечIо. Нилъеца эбел-инсуда бичIчIизабизе ккола гьеб, нилъеда бичIчIула гьезул хIинкъи. Гьединго гьезда бичIчIизабизе ккола армиялдаса рахчун чIей, тIадаб хъулухъ гьабизе тIалъулезул гьеб ккола хасаб статья бугеб иш»,-ян бихьизабуна гьес.

Рагъулав комиссарас киналго росабазул бутIрул ахIана призывалъулаб комиссия хIасил кьоледухъ иналъе кумек гьабизе.

Данделъиялда суал хъатIана гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялдеги. ХIукму гьабуна районалъул лъай кьеялъул организацияз ВатIан бокьиялъул рухIалда гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул суал кодохъ босизе ккеялде буссараб.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 19 (7523)
Хамиз
28 апрель 2022 сон



# Садовод





# «Долгая жизнь для всех»

**С 24 по 30 апреля 2022 года в Республике Дагестан проводится Единая неделя иммунизации (ЕНИ) под лозунгом «Долгая жизнь для всех».**

Цель ЕНИ 2022 года состоит в увеличении охвата вакцинацией путем информирования родителей и опекунов, работников здравоохранения, лиц, ответственных за формирование политики и принятие решений, и СМИ о важности иммунизации.

В настоящее время отмечается нарастание рисков возможного завоза на территорию РД возбудителей инфекционных заболеваний связанных с прибытием иностранных граждан и лиц без гражданства, въехавших с территорий Луганской Народной Республики, Донецкой Народной Республики и Украины, что требует активизации прививочной работы для защиты населения Иммунизация - одно из самых успешных и экономически эффективных вмешательств в области здравоохранения.

В России вакцинация проводится в соответствии с Национальным календарём профилактических прививок, утверждённым приказом Министерства здравоохранения Российской Федерации от 06.12.2021 № 1122 н. Вакцинация безопасна, эффективна и проводится строго после осмотра врачом.

После прививки возможны поствакцинальные реакции - дискомфорт и боль в месте введения вакцины, временное повышение температуры. Но преимущество вакцинации для профилактики болезней намного выше, чем возможные побочные эффекты.

Массовая иммунизация защищает не только людей, получивших прививку, но и тех, кому вакцинация противопоказана. Одни дети слишком малы для проведения вакцинации, у других есть противопоказания. Чтобы обеспечить их безопасность, важно, чтобы люди, которые могут привиться, были полностью вакцинированы. Такая защита называется коллективным иммунитетом.

Основные тезисы Единой недели иммунизации:

*Каждый человек обладает правом на наивысший достижимый уровень здоровья. Это право включает справедливый доступ к вакцинации.

*Вакцинация предотвращает болезни и служит залогом здоровья и благополучия на протяжении всей жизни.

*Вакцины помогают детям вырасти здоровыми.

*Вакцинация – это безопасный и эффективный способ профилактики кори и вызываемых ею серьезных осложнений.

*Каждая девочка должна иметь возможность пройти вакцинацию против вируса папилломы человека (ВПЧ), потому что ни одна женщина не заслуживает того, чтобы страдать или умереть от рака шейки матки.

*Вакцинация детей от краснухи защищает их будущих детей от преждевременной смерти и врожденных пороков развития.

*Вакцинация против гепатита В защищает людей от хронического заболевания печени и рака печени, вызываемого гепатитом В.

*Пока где-либо в мире существует полиомиелит, необходимо проводить вакцинацию повсеместно.

*Каждый человек может узнать, какие вакцины доступны и необходимы ему сейчас. Для этого достаточно обратиться в медицинское учреждение. Также можно узнать уровень защиты организма после проведённой вакцинации, сдав анализ крови. Вакцинация эффективна, безопасна и доступна в поликлиниках по месту жительства.

Пройдите вакцинацию сейчас и будьте здоровы!

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «с/с Балаханский» в лице зам. главы Тажбудинова А. А. сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 28.04.2022 по 28.05.2022 года (включительно) в Администрацию МО «с/с Балаханский» по адресу: РД, Унцукульский район, с. Балахани ул. Мусы Балаханского, 56

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтовой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: 1.участок; кадастровый номер: 05:35:000025:466, площадь:153737 кв.м. , категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани.

Арендная стоимость установленный ООО «Институт профессиональной оценки, экспертиз и проектирования» - 17295 руб. в год.

Справки по телефону: 89224845854

**Глава администрации**
**МО « с/с Балаханский»**
**Нурмагомедов У. М.**

Информация для граждан

# О новой мере социальной поддержки отдельных категорий граждан

ГКУ РД «УСЗН в МО «Унцукульский район» информирует граждан, о том, что принято Постановление Правительства Республики Дагестан от 6 апреля 2022 года № 69 «Об утверждении Порядка предоставления меры социальной поддержки в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов, связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан».

Данным Постановлением в целях оказания адресной социальной помощи отдельным категориям граждан в рамках догазификации Республики Дагестан введена новая мера социальной поддержки граждан в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан

Выплата предоставляется следующим категориям граждан, постоянно проживающих и зарегистрированных по месту жительства в принадлежащих им на праве собственности жилых помещениях, на дату обращения, заключивших с газораспределительной организацией договор о подключении к сетям после 21 апреля 2021 года, а также выполнивших свои обязательства в рамках договора по подготовке домовладения к приему газа:

а) участники и инвалиды ВОВ;
б) вдовы погибших (умерших) участников и инвалидов ВОВ;
в) бывшие несовершеннолетние узники фашизма;
г) лица, награжденные знаком «Жителю блокадного Ленинграда»
д) ветераны ВОВ – труженики тыла;
е) инвалиды 1 группы;
ж) семьи, имеющие детей-инвалидов, со среднедушевым доходом, размер которого не превышает величину прожиточного минимума, установленного в РД, члены (один из членов) которых является собственником жилых помещений;
з) многодетные семьи, имеющие 3 и более детей в возрасте до 18 лет, со среднедушевым доходом, размер которого не превышает величину прожиточного минимума, установленного в РД, члены (один из членов) которых является собственником жилых помещений;
и) одиноко проживающие неработающие граждане старше 60 лет, являющиеся получателями пенсии, при условии, что размер их пенсии не превышает величину прожиточного минимума, установленного в РД для пенсионеров. Данная мера социальной поддержки предоставляется вышеуказанным категориямграждан однократно и не более чем на одно жилое помещение в размере фактических расходов, но не превышающих 90 000 (девяносто тысяч) рублей.

**Тел. для справок: 8989 445 82 02**

# Продлен срок «Дачной амнистии»

Федеральным законом от 30.12.2021 № 478-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» так называемая «Дачная амнистия» продлена до 01 марта 2031 года.

До 1 марта 2031 года применяется упрощенный порядок предоставления гражданам земельных участков, находящихся в государственной или муниципальной собственности, на которых расположены жилые дома, возведенные до 14 мая 1998 года в границах населенного пункта, и права собственности на которые у граждан отсутствуют.

Определен перечень документов, необходимых для предоставления гражданам в собственность бесплатно земельных участков, расположенных под такими жилыми домами, порядок государственной регистрации права собственности на указанные земельные участки.

Также до 1 марта 2031 года продлевается срок действия упрощенного порядка оформления гражданами своих прав на жилые или садовые дома, созданные на земельном участке, предназначенном для ведения садоводства, индивидуального жилищного строительства или для ведения личного подсобного хозяйства в границах населенного пункта, на основании только технического плана и правоустанавливающего документа на земельный участок.

**А. А. МАЛИКОВ.**
**Прокурор района, советник юстиции**

## Глава района поблагодарил организаторов и участников масштабного ифтара в мечети им. Пророка Исы (мир ему)

22 апреля в мечети им. Пророка Исы(мир ему) представители Унцукульского района организовали масштабный ифтар, участие в котором приняло более 5 тысяч человек. Сумма добровольного сбора на этот прекрасный маджлис в тот день составило 3 600 000 р.

В связи с этим, глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов выражает особую признательность и благодарность всем участникам и организаторам этого масштабного ифтара. Этот маджлис- ифтар очередной раз продемонстрировал сплоченность и единство, организованность, консолидацию и щедрость дагестанского народа. Пусть проявленная доброта и щедрость, и в этот день и во все другие, а также справедливость, особенно выраженная в этот священный месяц, имели место и в остальное время. Счастья вам в обоих мирах. Пусть Всевышний будет вами доволен и преумножит




вознаграждение за совершенные вами благие деяния».С уважением, глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов. Напомним, что в масштабном ифтаре приняли участие глава района Иса Нурмагомедов, депутат Народного Собрания РД Магомед Магомедов, представители районной администрации, имам Унцукульского района, выходцы из нашего и других муниципалитетов, а также гости столицы. Среди собравшихся разыграли и призы: три путёвки на малый хадж - Умра, телефоны и т.д. А джамаат Унцукульского района внёс вклад в строительство Духовного центра им. Пророка Исы (мир ему). Хочется также отметить, что на территории нашего района в течении всего месяца Рамадан проходит ежегодный культурно-благотворительный проект – «Шатер Рамадана». Проект мероприятия включает в себя не только бесплатные праздничные угощения для всех желающих, совместную молитву и мольбу, но и приятное времяпрепровождение, которое способствовали дальнейшему укреплению братских отношений, а что самое главное – укреплению веры и единству народа.

Районалъул информационнияб хъулухъалъ ва «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан ГI. МухIамадовасда ва тIолабго гIагарлъиялда эмен

**МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги!

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго судалъул приставазул нухмалъулев **АхIмад Малачиханов** гIолохъанго гIумроялдаса ватIалъиялда бан гьесул хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

Данделъи

## Жагъалал рукъзабахъа рахъинариялъе



Араб анкьалда районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас данделъи тIобитIана Унсоколо росулъа А. Ирганайский № 8 аварияалъул ахIвал-хIалалда бугеб гIемерквартираялъул рукъзабахъ гIумро гьабулел ругезулгун. Данделъиялда гIахьаллъана гьел рукъзабахъ гIумро гьабулел ругел гIадамалги.

РакIалде щвезабизин; араб соналъул ахиралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъ муниципалитеталъул адреснияб «Переселение граждан из аварийного жилищного фонда на территории МО «Унцукульский район» на 2018-2024 годы» программаялда рекъон гьел рукъзабазухъ кколеб къадар гIарцул кьуна.

Гьеб рукъалъул гIумро гьабулез чанго моцIида жаниб администрациялъ гун гьабураб къотIиялда рекъон рехун тезе ккола рукъзал ва жагъалаб бакI тIагIинабиялъул мурадалда нахъе бахъизе ккола рукъ. Жакъа къоялде 8 яздасан 5 яз жанир гIумро гьабулел рукъзал рехун тун руго. Лъабгояз жидецаго лъугьун ралел руго рукъзал ва гьез хадубккун дагьаб заманаялъ те,-ян тIадеги заман гьарулеб буго.

Районалъул администрациялъ гьариялъе жавабги гьабун, гьезие заман цIана ва лъазабуна гьеб гIемераб заманаялъ халалъизе бегьуларилан.

Субботникал

## ТIадегIанаб культураялде рачIинин

18 апрелалда нилъер улкаялда кIодо гьабуна Халкъазда гьоркьосеб тарихиял бакIазул памятникал цIуниялъул Къо. Гьеб къоялде республикаялда тIобитIана «ТIолгороссиялъул памятникал, тарих ва культура» цIуниялъул рахъалъ республикаялъул акция.

Гьединал тадбиразул мурад букIуна тарихияб ирсалде цIуна-къаялъул балагьи гьаби ва гьеб машгьур гьаби. Гьеб мурадалда субботникал ана нилъер районалъул территориялдаги. Районалда гьеб акциялъул гIуцIарухъанлъун ва жигарал гIахьалчагIилъун рукIана культураялъул отделалъул хIалтIухъаби. Гьез гьединалго субботникал гIуцIана киналго районалъул росабалъги. Клубазул ва библиотекабазул учрежденияазул хIалтIухъаби, гьединго култураялул отделалъул хIалтIухъаби гьудуллъиялда къватIире рахъана хасаб инвентарьгун территория мусоралдаса бацIцIад гьабизе. Гьез лъалъана сверухъ ругел гьутIби, низам гьабуна территориялда ва культураялъул тарихиял объектазда сверухъ.

* * *

23 апрелалда районалъул гIурул мохъал мусоралдаса рацIцIад гьариялъе тIобитIана рагIа-ракьанде щвараб субботник. Акция гIуцIун букIана республикаялъул туристазул индустриялъул вакилзабаз Унсоколо районалъ кумекги гьабун, гьединго РДялъул тIабигIиял ресурсазул Министерствалъ.

ЧIахIиял субботникал КIал биччан гIидалъул Къоялде, Бергьенлъиялъул Къоялде ва цогидалги кIвар бугел праздниказде тIобитIи гIадатлъун лъугьун буго гьанже районалда. Гьаб соналда акциязулъ гIахьаллъизе республикаялъул батIи-батIиял бакIаздаса рачIана 150 гIанисев жидеего бокьун гIахьаллъулев ва волонтёр. Гьел руго туристлъиялъул компанияздасаги. Акциялда жигараб гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъ, ГьаракIуни, ГIашилтIа, Рихьуни, Майданское ва цогидалги росабаз. РацIцIад гьаруна Майданское-ГIашилтIа гIурумухъал.


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя и типографии |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора 89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 4. 27. 2022 г. 16.30 фактически -18. 50 мин.<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |